

Plan Detaye Tranzisyon nan Etid Segondè pou Fanmi yo



Mile
1

Kòmansman Vwayaj la

Objektif sistèm lekòl leta a nan Florida se pou li gradye tout elèv ki pare pou yo ale nan kolèj epi kòmanse karyè yo. Teknik preparasyon pou kolèj ak karyè, jan sa dekri sou Entènèt nan <http://wwwfldoe.org/schools/higher-ed/fl-college-system/college-career-readiness.shtml>, genyen sa ki vini annapre yo ladan I:

- Kominikasyon
- Lespri kritik ak kapasite pou fè analiz
- Kiryozite entèlektyèl
- Jesyon tan
- Angajman pou aprann

Se depi tou piti ou devlope konpetans ak kapasite sa yo kay timoun lan. "Plan detaye" sa a fèt pou bay fanmi elèv ki gen andikap yo yon apèsi sou "pwen repè" ki nesesè yo pou ede tout elèv ki gen andikap yo atenn tout potansyèl yo. Pou fè yon bon tranzisyon pou rantre nan lavi granmoun lan, sa mande yon planifikasyon ak yon patenarya ant elèv yo, fanmi yo, lekòl yo, distri eskolè yo ak ajans kominotè yo.

Mile
2

Fason pou Planifye Sèvis Tranzisyon yo

Sèvis tranzisyon yo se yon pakèt sèvis ki ede elèv yo prepare yo pou yo fè aktivite apre yo fini lekòl yo, tankou ale nan kolèj oswa travay, jwenn sèvis nan men ajans pou granmoun yo, viv an granmoun ak patisiye nan aktivite k ap fèt nan kominote yo.

Ekip plan edikatif endivididyèl la (IEP) dwe kòmanse pwosesis pou idantife bezwen ki genyen pou sèvis tranzisyon yo anvan elèv ki gen andikap la rive laj 14 lane, yon fason pou objektif yo kapab anplas nan moman elèv la rive laj 16 lane. Men, li kapab kòmanse pi bonè. Lè w planifye tranzisyon elèv la bonè, sa ka anpeche l kite lekòl epi sa ba w tan w bezwen anplis la pou w kapab planifye yon fason pou w mete sou pye sèvis pou granmoun pou yon elèv ki gen andikap enpòtan. Ekip IEP an genyen ladan I paran an oswa paran yo, elèv la ak pwofesè li yo. Lè y ap planifye pou tranzisyon, ekip IEP an ta dwe genyen ladan I reprezantan ajans yo ki pral bay oswa peye pou sèvis yo. Yo kapab mete ajans yo nan ekip la sèlman si paran an dakò oswa si elèv ki te rive nan laj majorite e yo te transfere dwa yo ba li an dakò. Yo bay plis enfòmasyon sou Entènèt nan <http://wwwfldoe.org/academics/exceptional-student-edu/secondary-transition.shtml>.

Responsablite Elèv la

Mile
3

Se elèv yo ki responsab pwosesis tranzisyon an. Responsablite elèv yo kòmanse nan lekòl entèmedyè. Men ki sa yo ye:

- Suiv kou yo epi fè devwa yo;
- Asepte responsablite pou fè travay nan kay;
- Devlope ak itilize kapasite yo pou yo pran desizyon pou tèt yo ak defann tèt yo. Pa egzanp, fason pou yo aprann plis sou andikap elèv la ak fason pou yo jwenn sèvis ak sipò ki nesesè yo pou atenn objektif dirab yo;
- Aprann itilize ak kenbe teknoloji èd yo (aparèy pou moun ki gen andikap yo), si sa apwopriye;
- Jwe yon wòl aktif nan devlope plan edikatif endividiyèl (IEP) la epi patisipe nan reyinyon ekip IEP k ap fèt apre yo;
- Patisipe nan aktivite pou sansibilize moun fè yon karyè ak nan aktivite esplorasyon, tankou fè evalyasyon tranzisyon yo; ak
- Reflechi sou sèvis ki pral itil yo nan lavi granmoun chak jou an yon fason pou yo kapab envite ajans ki apwopriye yo nan reyinyon ekip IEP an ap fè yo.

Responsablite Fanmi an

Mile
4

Elèv yo gen pi bon rezulta li fanmi yo jwe yon wòl aktif. Men lis responsablite fanmi yo genyen:

- Poze kesyon. bay lide ak konsèy epi kenbe dosye sèvis ak aktivite ki gen pou wè ak tranzisyon an;
- Verifye egzijans pou gradyasyon yo epi ede pran desizyon konsènan opsyon pou diplòm yo;
- Verifye objektif plan edikatif endividiyèl la (IEP) genyen yo pou l ede elèv la fikse objektif li yo apre l fin fè etid segondè li;
- Ede elèv la itilize kapasite li genyen pou l defann tèt li;
- Ede l elabore yon pòtfèy ki gen ladan l yon plan edikatif endividiyèl (IEP) ki ajou, rezulta evalyasyon yo, enfòmasyon sou kalite aprantisaj la, mwayèn lan, plas nan klas la, distenksyon oswa rekompans yo, evalyasyon travay yo, esperyans pwofesyonèl ak lòt enfòmasyon ki gen pou wè yo; ak
- Ba l chans pou l esplore opsyon li genyen yo apre l fini lekòl, tankou ale vizite kolèj oswa fè esperyans travay.

Responsablite Lekòl ak Distri Eskolè

Mile
5

Objektif ansèyman elèv esepsyònèl (ESE) nan Florida se pou ede chak elèv ki gen yon andikap fè pwogrè nan lekòl epi prepare l pou la vi a apre l fini lekòl. Kèk nan responsablite lekòl ak distri eskolè a se:

- Fikse gwo atant pou tout elèv yo;
- Jwenn pi bon fason pou anseye chak elèv;
- Asire elèv yo genyen mezi adaptasyon ak chanjman yo bezwen pou yo reyisi;
- Aprann elèv yo pran desisyon pou tèt yo ak defann tèt yo;
- Ankouraje elèv yo epi ede yo patisipe nan reyinyon ekip IEP an ap fè yo;
- Fè plizyè reyinyon ak ekip IEP an ki pral pale sou bezwen akademik elèv la genyen yo;
- Asire objektif anyèl yo gen pou wè ak objektif apre etid segondè yo;
- Mete elèv yo an kontak avèk ajans ki nan komunitè yo ki kapab ede yo;
- Fè aranjman pou fè yo esperyans travay.

Responsablite Ajans lan

Mile
6

Yon pil ajans ka jwe yon wòl nan bay elèv yo sèvis. Ekip IEP an ta dwe fè lyen ant ajans yo ak elèv la. Yo kapab sèlman kontakte oswa envite ajans yo travay avèk elèv la sèlman si paran an dakò oswa si elèv ki te rive nan laj majorite a dakò. Men ajans kle yo:

- Agency for Persons with Disabilities (Ajans pou Moun ki gen Andikap yo);
- CareerSource Florida;
- Centers for Independent Living (Sant pou Viv Endepandan);
- Division of Blind Services (Divizyon Sèvis pou Moun ki Avèg);
- Division of Vocational Rehabilitation (Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl);
- Enstitisyon k ap bay sèvis Iwazi ak amizman yo;
- Enstitisyon k ap bay sèvis medikal, sante oswa sèvis sante mantal yo;
- Pwogram Sante Mantal, Depatman pou Timoun ak Fanmi nan Florida; ak

- Lòt òganizasyon ak enstitusyon kominotè k ap bay granmoun yo sèvis.

Mile
7

Gradyasyon Tèt Dwat

Opsyon pou Diplòm Etid Segondè nan Florida

Genyen plizyè opsyon pou fini etid segondè ki disponib pou elèv lekòl leta yo nan Florida.

Chwazi youn se yon desizyon ki enpòtan. Opòtinite pou jwenn travay epi ansèyman ak fòmasyon anplis kapab chita sou opsyon w chwazi an.

Opsyon ki nan Florida nan moman an genyen sa ki vini annapre yo ladan yo:

- Diplòm Nòmal 24 Kredi,
- Opsyon Pwogram Eskolè ki Egzijan pou Amelyore Aprantisaj (ACCEL) 18 Kredi,
- Pwogram Diplòm Bakaloreya Entènasyonal (IB)
- Pwogram Diplòm Sètifikasi Entènasyonal Etid Siperyè (AICE),
- Diplòm Espesyal (opsyon sa a pa disponib pou elèv ki te kòmanse nevyèm ane nan lane 2014-2015 oswa pitak) ak
- Opsyon Soti ki Baze sou Rannman/Opsyon Soti® GED.



Diplòm Nòmal 24 Kredi: Genyen twa (3) opsyon pou diplòm etid segondè 24 kredi a. Yo bay detay yo nan tablo ki nan paj ki vini annapre a. Pifò elèv ki gen andikap yo pral fè opsyon ki disponib pou tout elèv yo. Genyen tou de (2) opsyon ki disponib sèlman pou elèv ki gen andikap yo. Toude mande 24 kredi ki afiche nan tablo a e toude pèmèt elèv yo ranplase yon kou fòmasyon ak teknik (CTE) ki gen bagay ladan I ki lye pou yon kredi nan ELA IV, matematik, syans ak syans sosyal (ak tou Aljèb I, Jewometri, Biyoloji I ak Istwa Etazini). Elèv ki chwazi opsyon akademik ak travay la dwe genyen omwen demi ($\frac{1}{2}$) kredi atravè travay ki peye. Yo evalye elèv ki gen andikap koyitif enpòtan yo ki gen kredi atravè kou aksè yo grasa yon evalyasyon altènatif. Jwenn plis enfòmasyon sou sa nan Pwen repè 8 la.

18-Opsyon Kredi ACCEL: Elèv ki nan opsyon ACCEL 18 kredi yo dwe satisfè tout egzijans pou gradyasyon yo pou yo kapab jwenn yon diplòm nòmal 24 kredi, esepte yo dwe genyen sèlman twa (3) kredi elektif olyede uit (8) epi kou edikasyon fizik ak yon kou sou Entènèt pa nesesè.

Pwogram Diplòm IB (Bakaloreya Entènasyonal): Pwogram Diplòm IB an fèt pou elèv ki motive anpil ki gen 16 rive 19 lane yo. Li baze sou yon sik etid ki estrik anvan inivèsite ki dire de (2) lane ki gen egzamen entènasyonal ak kredi pou inivèsite.

Pwogram Diplòm AICE (Diplòm Sètifikasi Entènasyonal Etid Siperyè): Pwogram Diplòm AICE an fèt pou elèv ki gen 16 rive 19 lane k ap chèche fè etid siperyè yo pou yo kapab prepare pou yo etidyé nan kolèj oswa nan inivèsite. Pwogram Diplòm AICE an baze sou pwogram ak evalyasyon Egzamen Entènasyonal Cambridge la.

Diplòm Espesyal: Tout elèv ki gen andikap ki te antre nan nevyèm ane nan lane 2014-2015 yo oswa apre ap travay pou yo jwenn yon diplòm nòmal. Yo te aboli lwa sou diplòm espesyal la nan Sesyon Lejislatif ki te fèt nan lane 2014 la. Elèv ki te déjà nan lise yo ki gen IEP yo (plan edikatif endividiyèl) ki te di yo t ap travay pou yo jwenn yon diplòm nòmal ka kontinye fè sa oswa yo kapab chwazi travay pou yo jwenn yon diplòm nòmal. Chanje opsyon pou diplòm yo ka vle di yon elèv pral bezwen pase plis tan nan lise pou l fin reponn ak egzijans gradyasyon yo.

Opsyon Soti ki Baze sou Rannman: Opsyon Soti ki Baze sou Rannman an se yon lòt wout pou elèv ki gen omwen 16 lane ki pa gen ase kredi yo, ki gen yon mwayèn ki fèb oswa ki gen twòp laj pou nivo klas yo ye nan moman an, rive jwenn yon diplòm. Opsyon sa a pa fèt pou yon pwogram prefere oswa akselere pou soti bonè. Yo konnen Opsyon Soti ki Baze sou Rannman tou sou non "Opsyon Soti GED®." Opsyon sa a PA disponib nan tout lekòl oswa distri eskolè yo.

Chak ane, Depatman Edikasyon Florida a poste yon Afich Konsiderasyon Akademik- Sa Elèv ak Paran yo Dwe Konnen sou Entènèt nan <http://www.fl DOE.org/academics/graduation-requirements>. Enfòmasyon nan pwen repè 7 ak pwen repè 10 yo soti nan vèsyon 2016-2017 la.

Opsyon Gradyasyon pou Jwenn Diplòm Etid Segondè Nòmal 24 Kredi a nan Florida pou Elèv ki Antre nan Nevyèm Ane nan Lane 2014-2015 ak Apre yo

Opsyon Diplòm Nòmal 24 Kredi a disponib pou tout elèv yo, ak pou elèv ki gen andikap yo tou.	Opsyon Diplòm Nòmal 24 Kredi ki fè egzijans akademik ak egzijans pwofesyonèl disponib sèlman pou elèv ki gen andikap yo.	Opsyon Diplòm Nòmal 24 Kredi disponib sèlman pou elèv ki gen andikap koyitif enpòtan yo, k ap pran kou aksè yo ak evalyasyon altènativ lan.
Kou Anglè 4 Kredi (ELA)		
<ul style="list-style-type: none"> ▪ ELA I, II, III ak IV ▪ Distenksyon ELA, Plasman Avanse (AP), AICE, IB ak kou yo fè doub enskripsyon pou yo an ka satisfè egzijans sa a 	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Dwe genyen kredi pou tout kou ki afiche nan premye kolonn lan ▪ Ka ranplase yon kou fòmasyon ak teknik (CTE) ki gen bagay ladan I ki gen pou wè ak Anglè pou Anglè IV 	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Dwe genyen kredi pou tout kou ki afiche nan premye kolonn lan ▪ Ka ranplase kou aksè yo pou kou ansèyman jeneral yo ▪ Ka ranplase yon kou CTE ki gen bagay ladan I ki gen pou wè ak Anglè pou Anglè IV
Matematik 4 Kredi		
<ul style="list-style-type: none"> ▪ Youn ladan yo dwe se Aljèb I e youn ladan yo dwe se Jewometri ▪ Sètifikasyon endistri yo ki mennen nan kredi pou kolèj la ka ranplase jiska de (2) kredi matematik (esepte Aljèb I ak Jewometri) 	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Dwe genyen kredi pou tout kou ki afiche nan premye kolonn lan ▪ Ka ranplase yon kou CTE ki gen bagay ladan I ki gen pou wè ak matematik pou yon kredi matematik (esepte Aljèb I ak Jewometri) 	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Dwe genyen kredi pou tout kou ki afiche nan premye kolonn lan ▪ Ka ranplase kou aksè yo pou kou ansèyman jeneral yo ▪ Ka ranplase yon kou CTE ki gen bagay ladan I ki gen pou wè ak matematik pou yon kredi matematik (esepte Aljèb I ak Jewometri)
Syans 3 Kredi		
<ul style="list-style-type: none"> ▪ Youn ladan yo dwe se Biyoloji I, de (2) ladan yo dwe se kou syans ki estrik menm jan an ▪ De (2) nan twa (3) kredi yo egzije yo dwe genyen yon eleman laboratwa ▪ Yon sètifikasyon endistri ki mennen nan kredi pou kolèj la ranplase jiska yon kredi syans (esepte Biyoloji I) ▪ Yon kou Enfòmatik ki estrik yo idantifye ki gen yon sètifikasyon endistri ki gen pou wè ak li ranplase jiska yon kredi syans (esepte Biyoloji I) 	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Dwe genyen kredi pou tout kou ki afiche nan premye kolonn lan ▪ Ka ranplase yon kou CTE ki gen bagay ladan I ki gen pou wè ak syans pou yon kredi syans (esepte Biyoloji I) 	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Dwe genyen kredi pou tout kou ki afiche nan premye kolonn lan ▪ Ka ranplase kou aksè yo pou kou ansèyman jeneral yo ▪ Ka ranplase yon kou CTE ki gen bagay ladan I ki gen pou wè ak syans pou yon kredi syans (esepte Biyoloji I)
Syans Sosyal 3 Kredi		
<ul style="list-style-type: none"> ▪ 1 kredi nan kou Istwa Invèsel ▪ 1 kredi nan kou Istwa Etazini ▪ $\frac{1}{2}$ kredi nan kou Gouvènman Etazini ▪ $\frac{1}{2}$ kredi nan kou Ekonomi avèk Konesans Finansye 	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Dwe genyen kredi pou tout kou ki afiche nan premye kolonn lan ▪ Ka ranplase yon kou CTE ki gen bagay ladan I ki gen pou wè ak syans sosyal pou yon kredi syans sosyal (esepte kou Istwa Etazini) 	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Dwe genyen kredi pou tout kou ki afiche nan premye kolonn lan ▪ Ka ranplase kou aksè yo pou kou ansèyman jeneral yo ▪ Ka ranplase yon kou CTE ki gen bagay ladan I ki gen pou wè ak syans sosyal pou yon kredi syans sosyal (esepte kou Istwa Etazini)
Boza ak A Espéktak, Diskou ak Deba oswa A Aplike 1 Kredi		
8 Kredi Elektif		

	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Li dwe gen ladan l demis ($\frac{1}{2}$) kredi nan yon kou ki baze sou travay ▪ Li ka gen ladan l kou ESE yo 	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Li ka gen ladan l kou ki baze sou travay yo
Edikasyon Fizik 1 Kredi ki pou gen ladan l entegrasyon lasante		
1 Kou sou Entènèt		
Ekip IEP ka renonse ak kou sou Entènèt la		
Elèv yo dwe gen yon mwayèn 2.0 sou yon echèl 4.0 epi yo dwe bay yon rannman ki satisfezan nan evalyasyon ki fèt yo nan tout Eta a, sof si ekip IEP an pa konsidere rezulta evalyasyon yo.		

Tit sou Diplòm

Elèv yo ka genyen youn oswa plis tit sou diplòm etid segondè nòmal yo an.

Tit Bousye:

- Yo genyen yon kredi nan Aljèb II (yo dwe pase EOC a);
- Yo pase kou Jewometri EOC a;
- Yo genyen yon kredi nan Estatistik oswa nan yon kou matematik ki estrik menm jan an;
- Yo pase kou Biyoloji I EOC a;
- Yo genyen yon kredi nan Chimi oswa nan Fizik;
- Yo genyen 1 kredi nan yon kou ki estrik menm jan an nan Chimi oswa Fizik;
- Yo pase kou Istwa Etazini EOC a;
- Yo genyen de (2) kredi nan menm Lang Entènasyonal la; epi
- Yo genyen omwen yon kredi nan pwogram AP, IB, AICE oswa yon kou yo fè doub enskripsyon pou li

Yon elèv p ap pase evalyasyon pou Biyoloji I oswa Istwa Etazini si li enskri nan yon pwogram AP, IB oswa AICE oubyen kou Biyoloji I oswa Istwa Etazini epi si elèv la sibi youn dèyè lòt evalyasyon AP, IB oswa AICE epi li genyen rezulta minimòm pou l genyen kredi pou kolèj la.

Tit Merit: Pou yon elèv genyen yon tit merit, li dwe satisfè egzijans yo pou diplòm nòmal la epi rive jwenn youn oswa plis sètifikasyon endistri nan lis ki etabli an selon seksyon 1003.492, Lwa Florida yo. Pou elèv yo genyen sètifikasyon endistri yo, yo pran kou CTE yo epi yo dwe pase yon tès sètifikasyon ki gen pou wè ak li. Yo òganize pwogram CTE yo an 17 gwoup karyè ki diferan.

MOVE CHEMEN: Evite Danje Kite Lekòl La Reprezante



Lè elèv yo kite lekòl, sa genyen efè negatif sou yo nan plizyè fason. Elèv ki kite lekòl yo gen mwens chans pou yo jwenn travay yo vle a. Yo gen mwens chans pou yo fè menm valè kòb ak yon moun ki fini etid segondè. Yo gen plis chans pou yo bezwen èd piblik ak plis chans pou yo komèt yon krim.

Genyen plizyè faktè ki kapab fè elèv yo kite lise. Tout faktè sa yo tonbe nan twa (3) kategori jeneral ki vini annapre yo:

- Pouse Deyò – Konsekans lekòl yo, tankou twòp absans nan lekòl
- Atire Deyò – Bagay ki distrè oswa atire elèv la, tankou bezwen pou li travay ak fè lajan
- Abandone – Sikonstans ki depase kontwòl lekòl la oswa elèv la, tankou fanmi an demenaje (Jordan, Lara & McPartland, 1994; Watt & Roessingh, 1994; Doll, Eslami & Walters, 2013).

Jan sa mansyone nan pwen repè kat (4) la, elèv yo jwenn pi bon rezulta lè fanmi yo patisipe epi jwe yon wòl aktif nan edikasyon timoun yo. Men kèk nan avantaj elèv yo benefisyé grasa gwo angajman fanmi an pran, kèlkeswa nivo revni oswa nivo fòmasyon yo:

- Timoun yo debwouye yo pi byen nan lekòl epi yo rete pandan pi lontan.
- Kilti ak anviwònman lekòl la an jeneral vin miyò pou tout moun ki konsène yo.
- Timoun yo bay pi bon rannman lè paran yo kapab jwe plizyè wòl nan aprantisaj yo.
- Plis relasyon ant fanmi yo ak lekòl la se yon patenarya reyèl, se plis elèv la ap reyisi.
- Fanmi, lekòl ak gwoup kominotè yo tout kontribiye nan fè elèv la reyisi (Henderson & Mapp, 2002).

Fason pou Pran yon Lòt Wout

Mile
8

Anviwon 1 poustan nan tout elèv yo, oswa anviwon 10 poustan nan tout elèv ki gen andikap yo, gen pwoblèm aprantisaj ki grav anpil epi ki konplèks ki fè efè sou tout aktivite y ap fè, tankou lekòl, fonksyone poukont yo, viv nan kominate, Iwazi ak travay. Ekip IEP elèv sa yo, ki gen ladan i paran yo, apre yo fin egzamine rannman ak rezulta evalyasyon ak lòt dosye elèv yo, ka mande konsantman alekri paran an pou yo mete elèv yo

nan kou pwen aksè yo. Yo evalye elèv ki nan pwen aksè yo grasa yon evalyasyon altènativ ki rele kounye a Evalyasyon Altènativ Nòm Florida (FSAA).

Pwen aksè yo se atant pou elèv ki gen andikap koyitif enpòtan yo. Yo bay aksè ak pwogram ansèyman jeneral la piske yo reflete objektif prensipal nòm Florida yo, men nan yon nivo konpleksite ki redui. Yo anseye pwen aksè yo nan kad kou aksè yo. Men, sa pa nesesèman vle di elèv k ap pran kou sa yo dwe nan yon sal klas apa. Yo kapab anseye kou aksè yo nan yon sal klas ansèyman jeneral la avèk sipò yon pwofesè ESE. Sa ap pèmèt elèv yo pase tan avèk elèv parèy yo ki pa gen andikap.

Nòmalman, idantifikasiyon yon andikap koyitif ki enpòtan fèt anvan ane tranzisyon yo, men se pa toujou ka a. Pafwa yo pran desizyon pou mete yon elèv nan pwen aksè yo nan lise a, sitou si elèv la gen yon maladi k ap vin pi mal ofiramezi elèv la ap grandi.

Distri eskolè yo ofri elèv ki nan pwen aksè yo plizyè kalite pwogram tranzisyon ki diferan pou ede yo aprann travay ak viv an granmoun nan mezi yo kapab. Anpil kolèj ak inivèsite ofri plizyè pwogram pou elèv sa yo tou. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo nan paj sèt (7). Pwen repè 9 la, ki pale sou zafè voye diplòm nòmal la pou pita, gen ladan li tou enfòmasyon ki espesyalman enpòtan pou paran elèv ki gen andikap koyitif enpòtan yo.

Fason pou Chanje Wout: Fason pou Repòte Resepsyon yon Diplòm Nòmal

Lejislasyon ki pèmèt tout elèv yo jwenn opòtinite pou yo travay pou yo kapab jwenn yon diplòm nòmal la pèmèt tou kèk elèv ki gen andikap voye resepsyon diplòm lan pou pita pou yo kapab kontinye resevwa sèvis pedagojik yo nan men distri eskolè a. Repòte a nesesè paske elèv ki resevwa diplòm etid segondè nòmal yo pa kalifye ankò pou yo jwenn yon ansèyman Leta apwopriye ki gratis (FAPE) Genyen de (2) pati nan repòte a.

Premyèman, yon elèv dwe genyen yon IEP ki "preskri yon ansèyman espesyal, planifikasyon tranzisyon, sèvis tranzisyon oswa sèvis ki gen pou wè ak li yo atravè 21." Sa vle di, akoz andikap la, yon elèv dwe bezwen yon ansèyman ak sèvis k ap kontinye.

Dezyèmman, yon elèv dwe enskri nan youn nan plizyè pwogram edikatif espesifik yo. Pwogram sa yo gen ladan yo kredi akselere pou kolèj, kou sou sètifikasyon endistri ki mennen nan kredi pou kolèj, lekòl segondè siperyè, kou ki nesesè yo pou yon tit Bousye oswa pwogram etid, estaj oswa pre-aprantisaj ki estriktire. Distri eskolè yo ofri yon pakèt pwogram tranzisyon pwolonje ki satisfè egzijans sa yo.

Elèv yo repòte nan semès yo sipoze satisfè tout egzijans pou yon diplòm nòmal ladan li an. Men, planifikasyon pou repòte a dwe fèt bonè yon fason pou lang ki kòrèk la kapab nan IEP a epi pou ekip lan gen tan pou l chwazi pi bon program lan. Distri yo ka pèmèt yon elèv ki repòte patisipe nan aktivite gradyasyon yo.

Elèv ki gen andikap ki genyen yon diplòm nòmal yo epi ki pa repòte PA kalifye pou okenn lòt sèvis nan distri eskolè a. Kidonk, li enpòtan anpil pou elèv ki gen andikap koyitif enpòtan yo reflechi sou repòte resepsyon diplòm nòmal yo an.

Elèv ki genyen yon diplòm espesyal yo ka retounen nan distri an pou yo mande sèvis ansèyman nenpòt ki lè anvan yo gen 22 lane.

Tranzisyon Pwolonje (Pwogram 18-22 Florida)

Pwogram	Deskripsiyon Pwogram lan	Kalifikasyon Elèv yo
CHÈCHE Pwojè	Yon pwogram yon (1) lane biznis lan dirije kote elèv la soti lekòl l epi ale travay. Pwogram sa a dewoule nan travay la. Lè w fè elèv la abitye ak kote travay la ye a, sa fasilité yon bon melanj ansèyman nan sal klas, esplorasyon karyè ak fòmasyon serye sou konpetans pwofesyonèl atravè plizyè estaj yo kreye yon fason estratejik. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Carly Detlefson (http://project10.info/Contact.php).	Elèv ki gen andikap entèlektyèl ak devlopmantal ki enpòtan yo pandan dènye ane kalifikasyon yo pou lise a ki vle jwenn yon travay ki konpetitif.
Pwogram Tranzisyon pou Elèv ki gen Andikap Entèlektyèl yo (TPSID)	Pwogram tranzisyon pou ale nan etid apre segondè ki ouvè pou tout moun kote elèv yo pran plizyè kou pou kredi oswa odit, sa ki mennen yo jwenn sètifikasyon oswa sètifikasi ki di yo fini etid yo. Yo kapab asosye ak yon distri eskolè (enskripsiyon doub) oswa yo kapab endependan. Pou w jwenn plis enfòmasyon, kontakte Florida Consortium on Inclusive Higher Education (Konsòsyòm Florida sou Ansèyman Siperyè Enklizif) (www.FCIHE.com).	Elèv ki gen andikap entèlektyèl yo e ki gen yon nivo otomomi ki wo.


Ansèyman Espesifik nan Kominote (CBI) ak Fòmasyon Pwofesyonèl nan Kominote (CBVE) Distri a	Toude pwogram yo bay ansèyman nan plizyè anviwòman nan kominote yo ki natirèl. Sa fè elèv yo fè plizyè espryans "lavi reyèl". Pwogram CBVE yo se nòmalman plizyè biznis ki nan kominote a kote elèv yo aprann anpil konpetans pwofesyonèl espesifik nan travay bòkote anplwaye ki touche yo. Pwogram CBI yo kapab rive nenpòt kote nan kominote an.	Elèv ki gen andikap koyitif enpòtan e k ap pran kou aksè yo ki vle pou yo anplwaye yo oswa ki bezwen fè espryans nan kominote a.
Pwogram Tranzisyon Espesifik Distri yo	Se plizyè pwogram varye ki nan lise yo, sant teknik oswa lòt sit yo kote elèv yo kontinye pran kou yo atravè sistèm lekòl la. Kèk ladan yo ka patisipe nan antrepriz ki baze sou elèv yo, nan travay ki pa peye oswa ki peye oubyen aprann konpetans teknik, pratik ak/oswa pwofesyonèl.	Elèv ki vle patisipe yo, ki te repòte diplòm etid segondè yo epi ki gen yon bezwen san rete pou sèvis tranzisyon yo.
Pwogram Enskripsyon Doub yo	Pèmèt elèv lise yo genyen kredi pou yo kapab jwenn yon diplòm apre etid segondè, sètifikasi oswa diplòm etid siperyè nan menm moman y ap travay pou yo jwenn yon diplòm etid segondè. Yo fè kou yo nan lise a oswa nan yon enstitusyon pòs-segondè.	Kalifikasyon yo varye men yo souvan gen ladan yo mwayèn minimòm lan ak evalyasyon ki fèt nan antre yo.
Fòmasyon sou Fason pou Pran Dezisyon Pou Tèt Ou ak Defann Tèt Ou	Plizyè kou, pwogram eskòlè ak pwogram ki devlope oswa amelyore kapasite yon elèv pou l pale ak aji nan pwòp non li epi pran desizyon ki afekte lavi li.	Elèv ki gen andikap epi ki gen yon plan edikatif endividiyèl yo (IEP) e ki gen yon bezwen nan domèn sa a.
Fòmasyon sou Savwativ	Plizyè kou, pwogram eskòlè, lesion ak pwogram ki ede elèv ki gen pwoblèm ki gen pou wè ak lòt moun yo.	Elèv ki gen andikap epi ki gen yon IEP yo e ki gen yon bezwen nan domèn sa a.
Antrepriz ki Baze sou Elèv yo	Yon ansanm aktivite antreprenaryal elèv yo antreprann ki bay elèv la, lekòl la ak kominote a yon retou ekonomik, sosyal ak edikatif.	Elèv ki gen andikap yo e ki gen yon IEP ki vle patisipe yo.
Fòmasyon sou Konpetans ki gen pou wè ak Travay	Plizyè kou, pwogram eskòlè, lesion ak pwogram ki anseye elèv yo konpetans yo pral bezwen nan travay.	Elèv ki gen andikap yo e ki gen yon IEP ki vle patisipe yo. Pwogram sa yo ka mande pou yo asepte kalifikasyon elèv la bòkote yon sèten ajans, tankou VR (Reyadaptasyon Pwofesyonèl).

Fason pou Pran yon Lòt Direksyon: Opsyon Apre Lekòl yo

Mile
10

Ansèyman Apre Etid Segondè

Elèv ki vle pran plis ansèyman oswa fòmasyon apre etid segondè yo gen plizyè chwa nan Florida. Genyen tou yon pakèt opòtinite pou elèv yo kapab idantifye sèvis ki pou sipòte sikse yo apre etid segondè.



Sant Pwofesyonèl ak Sant Teknik

Florida ofri elèv yo 46 sant pwofesyonèl ak sant teknik ki akredite nan tout Eta a. Yo bay ansèyman ak sètifikasyon ki nesesè pou travay nan yon domèn pwofesyonèl oswa teknik patikilye. Pwogram yo fleksib pou elèv yo e yo bay ansèyman ak fòmasyon ki espesifik ak yon endistri pou yon pil pwofesyon.



Sistèm Kolèj Florida a

28 kolèj leta yo ofri sètifikasi pwofesyonèl ak diplòm de (2) lane ki prepare elèv la pou l janbe nan yon pwogram lisans oswa pou l ale nan travay ki mande konpetans espesyal. Anpil ofri diplòm bakaloreya tou nan domèn ki gen anpil demann pou yo. Enstitisyon ki gen Sistèm Kolèj Florida yo gen yon politik ouvè pòt. Sa vle di yo pral antre elèv ki te genyen yon diplòm etid segondè nòmal yo, ki te genyen yon diplòm ekivalans etid segondè oswa ki montre yo te reyisi kou apre etid segondè yo nan yon pwogram diplòm k ap dire 2 lane.



Sistèm Invèsite Eta a

Genyen 12 invèsite leta nan Florida ki ofri pwogram lisans pandan kat (4) lane. Yo bay tou diplòm etid siperyè ak diplòm pwofesyonèl. Se konkou ki fè moun antre nan invèsite Leta Florida yo. Moun ki gen pou vin etidyan yo ta dwe suiv yon pwogram eskolè ki estrik nan lise epi enskri nan plis pase yon invèsite pou yo kapab ogmante chans yo pou yo asepte yo. Pou yon etidyan debitant kapab antre nan youn nan invèsite Leta Florida yo, li dwe satisfè minimòm egzijans ki vini annapre yo:

- Fini etid segondè avèk yon diplòm nòmal
- Rezulta egzamen antre yo
- 16 Kredi pou kou preparasyon akademik pou kolèj ki apwouve
- 4 Anglè (3 avèk redaksyon final)
- 4 Matematik (Aljèb nivo I ak pi wo)
- 3 Syans Natirèl (2 avèk laboratwa final)
- 3 Syans Sosyal
- 2 Lang Entènasyonal (sekansyèl, nan menm lang lan)
- 2 Kou opsyonèl ki apwouve



Sèvis pou Andikap nan Kolèj ak Invèsite yo

Lwa sou Ansèyman pou Moun ki gen Andikap yo (IDEA), ki egzije pou lekòl Leta yo kreye yon IEP epi bay elèv ki gen andikap yo sèvis, pa aplike apre yon elèv fin fè etid segondè li. Granmoun kou etidyan nan kolèj yo tonbe anba Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo ak Seksyon 504 Lwa sou Reyadaptasyon. Elèv ki gen andikap ki prevwa ale nan kolèj yo dwe idantifye tèt yo tankou moun ki gen andikap epi prepare yo pou yo jwe yon wòl aktif nan deside ki mezi adaptasyon ki nesesè pou ede yo reyisi. Rezime Rannman, yon dokiman yo dwe bay elèv ki gen andikap yo lè yo kite lise a, ka se yon kòmansman, men kolèj yo pral egzije plis dokiman epi chak kolèj ka mande plizyè bagay. Anpil kolèj egzije yon evalyasyon ki resan. Pou elèv yo kapab asire yo mezi adaptasyon yo anplas anvan kou yo kòmanse, yo ta dwe kontakte biwo sèvis pou andikap yo ki nan sant teknik, kolèj oswa inivèsite yo vle ale a pi bonè posib. Jwenn kowòdone (nimewo telefòn, adrès) pou enstitisyon ki bay sèvis pou andikap yo sou Entènèt nan <http://data.fl DOE.org/workforce/contacts/default.cfm?action=showList&ListID=40>.

Ansèyman Siperye Enklizif

Pwogram Tranzisyon ak Pwogram Apre Etid Segondè pou Etidyan ki gen Andikap Entèlektyèl yo (TPSID)

Nan pwogram TPSID yo, etidyan ki gen andikap yo etidye yon bòkote etidyan parèy yo ki pa gen andikap sou kanpis yon kolèj. Etidyan yo ka pran kou yo, mete konpetans sosyal yo an pratik ak aprann konpetans ki gen pou wè ak travay pandan y ap patisipe avèk lòt etidyan yo nan yon anviwònman kolèj. Kèk objektif pami lòt etidyan ki gen andikap entèlektyèl ki pral nan kolèj yo genyen se: asosye yo avèk etidyan parèy yo ki gen menm laj avèk yo, jwenn pi bon aksè ak opòtinite pou jwenn travay epi amelyore kapasite yo genyen pou yo viv an granmoun. Elèv ki gen yon diplòm nòmal ki baze sou pwogram aksè yo kalifye pou yo enskri. Konsòsyòm Florida sou Ansèyman Siperyè Enklizif la (FCIHE) responsab pou l amelyore aksè ak patisipasyon nan kou nan kolèj yo ak lavi nan kolèj la k ap abouti nan chwazi yon karyè ak yon travay ki konpetitif pou moun ki gen andikap entèlektyèl yo. FCIHE an bay asistans teknik ak yon finansman pamwayen ti sibvansyon pou demaraj oswa amelyorasyon pwogram lan. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou www.FCIHE.com.

Sant Florida pou Etidyan ki gen Talan Natirèl yo (FCSUA)

Kò lejislati Florida a te kreye FCSUA, ki nan University of Central Florida a, nan lane 2016. Objektif sant lan se ogmante lespri viv an granmoun lan, fòmasyon apre etid segondè ki ouvè pou tout moun epi ki bay esperyans ak opòtinite pou etidyan ki gen andikap entèlektyèl yo jwenn travay. Gen finansman ki disponib pou ede kolèj yo mete nouvo pwogram yo anplas epi gen finansman pou tous etidyan yo pou yo kapab patisipe nan pwogram sa yo.

Gen anpil diferans ki enpòtan ant opòtinite finansman TPSID e opòtinite finansman FCSUA. Politik FCSUA yo fè egzijans sa yo:

- Etidyan yo dwe te soti nan sistèm K-12 la (lekòl matènèl rive nan 12yèm ane) pou yo kapab kalifye pou tous FCSUA yo.
- Etidyan yo ka depase laj 22 lane epi yo rete kalifye pou yon tous FCSUA.
- Pwogram apre etid segondè yo dwe genyen estati Pwogram Tranzisyon Global Apre Etid Segondè nan Florida (FPCTP) oswa yo dwe nan pwosesis aplikasyon pou yo kapab kalifye pou yo resevwa finansman pamwayen sibvansyon an.
- Pwogram apre etid segondè yo dwe aksesib tou pou etidyan ki te soti nan sistèm K-12 yo.

FCIHE ak FCSUA travay ansam pou yo bay etidyan ki gen andikap entèlektyèl yo yon pakèt opòtinite apre etid segondè yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou www.FCSUA.org

Ofiramezi elèv yo ap fè tranzisyon pou yo ale nan lavi apre lekòl la, li enpòtan pou ajans nan kominate yo patisipe nan pwosesis la. Yo ta dwe idantifye ajans espesifik yo atravè pwosesis IEP an pou elèv ou an. Pi ba a gen deskripsyon plizyè ajans kle k ap sipòte elèv yo apre lekòl.



Ajans pou Moun ki gen Andikap yo (Agency for Persons with Disabilities, APD)

APD kapab sipòte kliyan li yo grasa sipò nan travay pou moun k ap itilize Renonsyasyon Medicaid la, sèvis pèsonalize yo atravè pwogram Consumer-Directed Care Plus (Swen Kliyan Dirije Plis, CDC+) ak Pwojè Amelyorasyon Travay (EEP). Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb APD a nan www.apd.myflorida.com.



CareerSource Florida

Sant CareerSource lokal yo sipòte biznis ak moun k ap chèche travay yo jwenn bonjan rezulta nan zafè travay nan enterè tout moun ki konsène yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb CareerSource Florida a nan

[https://careersourceflorida.com](http://careersourceflorida.com).



Divizyon Sèvis pou Moun Avèg (Division of Blind Services, DBS);

DBS bay sèvis tranzisyon grasa yon ekip kowòdone ki gen ladan I elèv oubyen etidyan an, paran oswa fanmi yo, anseyan yo, enstitisyon k ap bay sèvis yo ak zanmi yo. Ekip la ap ede jenn moun ki pa wè oswa ki gen gwo andikap nan je yo atenn objektif yo fikse tèt yo an epi prepare yo pou yo fonksyone nan monn reyèl la nan devlope kapasite yo pou yo deplase poukонт yo, viv an granmoun, itilize teknoloji èd yo ak itilize sistèm Bray la pou yo li. Jwenn plis enfòmasyon konsènan DBS sou Entènèt nan <http://dbs.myflorida.com/Transition/index.html>.



Employment First Florida

Florida se yon Eta kote se Travay ki Anpremye. Sa vle di travay se premye opsyon pou TOUT moun, menm sa ki gen andikap enpòtan yo. Travay vle di yon djòb entegre k ap peye yon salè ki egal ak salè minimòm lan oswa yon salè ki depase salè minimòm lan, avèk oswa san sipò yon konseye pwofesyonèl. Yon nouvo lwa Federal, Lwa sou Inovasyon ak Opòtinite pou Mendèv, mete fon sou kote pou VR la itilize pou ede elèv yo aprann konpetans ki pou ede yo jwenn travay anvan epi ba yo estaj ak lòt esperyans travay pandan yo nan lise. Esperyans sa yo pral ede elèv yo genyen yon pi bon lide sou sa yo vle fè apre fin kite lekòl. Jwenn plis enfòmasyon konsènan Employment First Florida sou Entènèt nan <http://www.employmentfirstfl.org/>.



Konsèy Kowòdinasyon pou Moun ki Soud ak Moun ki Tande Di, (Florida Coordinating Council for the Deaf and Hard of Hearing, FCCDHH)

FCCDHH jwe wòl yon antite kowòdinasyon ki rekòmande politik ki pou satisfè bezwen kominate moun ki pèdi tande yo nan Florida. Gen plizyè ajans ki bay moun ki pèdi tande yo sèvis, tankou Florida Division of Blind Services (Divizyon Sèvis pou Moun Avèg, DBS) Reyadaptasyon Pwofesyonèl (VR) ak lòt ajans yo. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan

sèvis pou jenn ki soud oswa ki tandé di yo sou sitwèb FCCDHH la nan <http://www.floridahealth.gov/provider-and-partner-resources/fccdh/resources/index.html>.



Konsèy Florida sou Andikap Developmantal (Florida Developmental Disabilities Council, FDDC)

Yo te tabli FDDC an pou ede planifye sipò endividyle ak sipò familyal pou moun ki gen andikap yo nan Florida. Konsèy la dirije tou devlopman ak administrasyon sèvis yo bay moun ki gen andikap developmantal yo nan planifye ak finanse rechèch, inovasyon ak pwogram ki fèt pou amelyore kalite lavi yo a. FDDC an te devlope yon resous detaye ki gen plizyè pwogram ansèyman apre etid segondè k ap sèvi etidyan ki gen andikap entèlektyèl ak andikap developmantal yo. *Gid Fòmasyon Apre Etid Segondè nan Florida* bay enfòmasyon sou egzijans pou antre yo, detay sou aplikasyon yo, deskripsyon pwogram yo, opòtinite lojman, chans pou travay ak fè benevola, disponiblite transpò ak konbyen I koute. Moun kapab jwenn gid lan sou Entènèt nan http://www.fddc.org/sites/default/files/DDCouncil_EducationGuide.pdf



Florida Parent Centers (Sant pou Paran Florida yo)

FND ak sant rejjonal pou paran yo se enstitisyon k ap bay paran yo sèvis fòmasyon ak sèvis enfòmasyon (PTI). Se gouvenman Federal la ki finanse yo. Yo bay paran yo, anseyan yo, òganizasyon komunitè yo ak gwoup reliye yo èd ak sipò pou ogmante kalite patisipasyon ak angajman paran yo yon fason pou yo kapab amelyore rezulta elèv yo nan lekòl nan Florida. Jwenn plis enfòmasyon konsènan sèvis PTI Florida yo epi jwenn sant ki pi pre w la sou Entènèt nan <http://fndusa.org/>.



Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR)

VR se yon patnè kle nan tranzisyon elèv ki gen andikap yo soti lekòl pou yo ale nan travay. Sèvis Tranzisyon pou Jenn VR la ede elèv ki gen andikap yo jwenn travay, ak kenbe yon travay. VR kapab ede elèv yo jwenn sèvis oryantasyon pwofesyonèl, fòmasyon apre etid segondè ak/oswa ansèyman ak espèryans travay. Elèv ki gen andikap yo ka enskri nan VR la apati laj 14 lane. Jwenn plis enfòmasyon konsènan Sèvis Tranzisyon pou Jenn VR la sou Entènèt nan

<http://rehabworks.org/stw.shtml>.



STAR Pwogram VR STAR

Elèv ki gen ant 14 ak 21 lane yo, ki nan lise oswa nan yon fòmasyon oswa kou apre lise yo, ka resevwa Pre-ETS san yo pa bezwen aplike oswa kalifye pou s'8vis VR yo. Elèv yo dwe genyen yon Plan Edikatif Endividyle (IEP), Plan 504 oswa lòt dokiman nan lekòl la y ap sèvi elèv la kòm yon elèv ki gen andikap. Pre-ETS la gen ladan li: Oryantasyon Pwofesyonèl, Fòmasyon sou Preparasyon pou Mache Travay, Espèryans Pwofesyonèl nan Kominote ak Fòmasyon sou Fason pou elèv yo Defann Tèt yo. Jwenn plis enfòmasyon konsènan

Pwogram VR STAR a sou Entènèt nan

http://www.rehabworks.org/stw_star.shtml.

Resous yo

Genyen yon pakèt resous ki disponib sou Entènèt pou paran yo. Men kèk nan sa ki pi itil yo ki gen pou wè ak preparasyon pou kolèj ak pakou pwofesyonèl apre etid segondè:

Yon Gid pou Paran ak Anseyan nan Seksyon 504

<http://www.fl DOE.org/core/fileparse.php/7690/urlt/0070055-504bro.pdf>



Enstriksyon sou Ranplasman Kou Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik
<http://www.fl DOE.org/core/fileparse.php/7571/urlt/CTEsubstitutions.pdf>

Sant Florida pou Etidyan ki gen Talan Natirèl yo
www.fcsua.org

Konsòsyòn Florida sou Ansèyman Siperyè Enklizif
www.fcihe.com

Kou sou Entènèt sou Egzijans Gradyasyon yo
<http://pdportal.florida-ese.org>

Sitwèb pou Patisipasyon Paran
<http://forparents.florida-ese.org>

Pwojè 10: Rezo Ansèyman Tranzisyon
www.Project10.info

Resous Chwa Lekòl pou Paran yo, Depatman Edikasyon Florida
<http://www.fl DOE.org/schools/school-choice/parent-resources/>

Step Up for Students
<https://www.stepupforstudents.org/>

Jounal Èd Teknik: Opsyon Gradyasyon pou Jwenn Diplòm Etid Segondè pou Elèv ki gen Andikap yo <http://info.fl DOE.org/docushare/dsweb/Get/Document-7322/dps-2015-34.pdf>

CHWA Lekòl: Resous Finansye pou Sipòte Etid

Kèk paran kapab deside sistèm lekòl leta a pa pi bon chwa pou timoun yo. Anplis lòt opsyon yo, Florida ofri bous pou elèv ki gen andikap yo.

Pwogram **Bous John M. McKay** pou Elèv ki gen Andikap yo pèmèt paran timoun ki gen andikap yo chwazi pi bon anviwònnman akademik pou timoun yo. Pwogram sa a bay elèv ki kalifye opòtinité pou yo ale nan yon lekòl prive k ap patisipe nan pwogram lan oswa pou yo ale nan lòt lekòl leta. Nan elèv ki kalifye yo genyen elèv yo te bay yon IEP oswa yon Plan Adaptasyon 504 ki efektif pandan plis pase sis (6) mwa. Elèv yo dwe te enskri epi yon distri eskolè nan Florida te dwe deklare yo pou jwenn finansman ane ki vini anvan yo te fè demann bous lan.

Bous Gardiner a, yo te konnen anvan sou non pwogram Kont Bous Aprantisaj Pèsonèl (oswa PLSA), ede paran yo pèsonalize plan edikatif yo pou timoun yo ki gen kèk bezwen espesyal. Bous sa pèmèt paran yo envesti lajan pou achte yon ansamn pwogram ak pou bay enstitisyon ki apwouve yo, ki gen ladan yo lekòl yo, terapet yo, espesyalis yo, pwogram eskolè ak teknoloji, ak tou yon kont epay pou kolèj.

